

Wheaton Arts and Cultural Center
an kolaborasyon ak Cumberland County Cultural and Heritage
Commission
ak Cumberland County College
ap prezante

***Kreyasyon Atistik Tan Lontan, Koulè Tan Jodi
Prezèvasyon Eritaj Kiltirèl Karayibeyen nan Noujèze
Soti Jiyè jiska Desanm 2016***

Kreyasyon Atistik Tan Lontan, Koulè Tan Jodi: Prezèvasyon Eritaj Kiltirèl Karayibeyen nan Noujèze se yon pwojè ki explore istwa ak eritaj kiltirèl kominote karayibeyen yo. Pandan sis mwa, pwogram nan ap fè diferan aktivite tankou espozisyon penti, pwogram edikatif, ak pèfòmans atis karayibeyen nan divès disiplin: mizik, dans ak travay atistik. Pwojè sa a te planifye nan kontèks inisyativ *Koneksyon Kominote Kreyatif* nan WheatonArts, yon seri pwogram ki te kòmanse depi 2004 pou louvri je sou eritaj kiltirèl ak pou kreye yon espas pozitif ki ka ede nan konpreyansyon, apresyasyon, echanj atistik ak kiltirèl divès popilasyon nan Noujèze.

Pwojè sa a se rezilta kolaborasyon ant *Cumberland County College* ak *Cumberland County Cultural and Heritage Foundation*. Lòt gwoup ki kolabore nan pwojè a se *Rowan College* ak *Cumberland County Public Libraries*. Alatèt pwojè sa a gen *Caribbean Project Advisory Council* ki gen ladan li plizyè atis karayibeyen, lidè kominotè, ak reprezantan divès òganizasyon ki kolabore ansanm.

Kominote karayibeyen nan Noujèze yo gen moun ki soti nan tout kilti ou jwenn nan zile nan Karayib la ak zòn kòt nan alantou yo. Kominote sa yo devlope firamezi akòz imigrasyon tan pase ak imigrasyon sèdènnye tan, kon sa nan jounen jodi a yo kontribye nan varyete atistik ak tradisyon miltikiltirèl ki egziste nan Noujèze a. Pwojè sa a ap gen:

espozisyon atistik, divès pwogram edikatif, ak pèfòmans mizik ak dans. Ap gen reprezantasyon majorite kominote nan Karayib la nan diferan aktivite ki planifye yo.

“Tan ale, men nan tradisyon sa k chanje se aparans, sans pa chanje. Li rete tennfas pou li kenbe kilti a an vi. Se nan tradisyon nou pase ideyal ak prensip bay lòt jenerasyon, se tradisyon ki kenbe kominote ansanm...” (Genaro Ozuna, *Kreyatè mas*)

ESPOZISYON

Kanaval Karayibeyen: Tradisyon Atistik, Vizyon Chanjman

Wheaton Arts and Cultural Center

Soti 8 Jiyè rive 27 Novanm 2016

Espozisyon sa a ap konsantre sou plizyè gwo tèm nan Kanaval Karayibeyen: sans ak estetik nan fòm atistik tradisyonèl yo. Espozisyon an ap marye konsèp fòmasyon ak prezèvasyon idantite, prezèvasyon kominote, valè ak nòm ki opoze men ki egziste kòtakòt, ak pèsepsyon byen ak mal atravè tan, atravè kilti yo.

Ap gen espozisyon mas, imaj, ak lòt fòm grafik ansanm ak yon seri pwogram edikatif ki ap pèmèt yon esperyans total kapital ki chita sou diferan tèm espozisyon an. Ap gen reprezantasyon vizyèl diferan tradisyon ki nan Karayib la ki ap pèmèt moun fè konparezon ant diferan tradisyon yo, elaji konpreyansyon yo sou senbolis Kanaval Karayibeyen an ak divès espresyon atistik ki reprezante anndan Kanaval.

“Kreye mas yo se yon fason pou m konekte ak moun, men se yon fason tou pou m konekte ak pase nou, kilti nou, tradisyon nou yo... Papa m se moun Ponnse nan Pòtoriko. M grandi Nouyòk men mwen kenbe menm tradisyon fè mas ki egziste Ponnse—koulè yo, modèl yo, detay yo.”
(Felipe Rangel, *Kreyatè mas*)

SANKOFA: Refleksyon sou Eritaj Kiltirèl ak Imanite ki Konekte Nou Tout

Wheaton Arts and Cultural Center

Soti 8 Jiyè rive 14 Out 2016

“Sankofa” se yon mo ki soti nan lang Akan nan peyi Gana ki vle di “gade dèyè pou konprann”. Sankofa reprezante enpòtans pou nou pran sa ki te pase nan tan dantan pou leson. Espozisyon an ap konsantre sou eritaj dantan nan ideyal jodi a ak ideyal demen nan yon apwòch ki divèsifye men an menm tan ki rasanble, ki inifye diferan eleman prensip kiltirèl ak prensip estetik ki kontinye bay lavi ak travay atistik sans, e ki kontinye enfliyanse yo.

Atis karayibeyen k ap patisipe yo ap itilize diferan pratik kontanporen ak esperimantatif nan divès disiplin pou yo ajoute vwa pa yo nan istwa Karayib la. Espozisyon a ap louvri baryè pou ede nou konprann tradisyon yo ak istwa peyi zansèt atis yo, montre sous enspirasyon atis yo ak eleman ki konekte nou tout ansanm kòm moun.

"Sa m ap eseye prezève se orijin yon Dominiken ki soti nan engredyen rasyal ki fè on Dominiken. Sa sa vle di, se ki wout ki te fèt depi ditan lakoloni lè tè nou an, ou konprann, te resevwa enfliyans Lewòp ak Lafrik, e ki sa ki te soti nan relasyon sa a." (Leslie Jimenez, Atis vizyèl)

Ant Monn yo – Nan Monn lan

Rowan College Gallery

Soti 8 Septanm rive 28 Oktòb 2016

Divès enfliyans ki bay kilti nou jwenn yo jounen jodi a nan Karayib la konn genn konfli dèfwa. Sa konn lakoz moun yo ak kominote yo santi yo kòm kwa pran nan petren nan mitan “monn yo”. Rechèch sou idantite sa a konn parèt nan travay atis yo tankou revelasyon endividyèl oubyen konpreyansyon kolektif nouvo idantite sa “yo”. Listwa, kilti yo, ak lavi toulejou fè pati fouy sou idantite sa a – Se yon fouy pou rive konprann, pou rive apresye ki moun “nou” ye, ki moun “yo” ye.

Espozisyon sa a ap konsantre sou demach dekouvri nouvo sans nan ansyen memwa, sou demach yon moun pou li konprann sa li vo, sa li ye nan mitan yon kantite prensip sosyal ki nan goumen youn ak lòt, sa vle di yon demach pou rive jwenn imanite yo nan travay atistik ak kreyativite.

"Misyon mwen kòm atis se anrejistre, prezève memwa yo. Mwen pa ka ekri yo alòs mwen fè penti. Mwen fè penti bagay mwen te konn wè depi mwen te tou piti. Jiskaprezan mwen plen tablo nan tèt mwen mwen poko fè. (Frito Bastien, Atis pent)

Dans nan Karayib la

*Cumberland County College, Art Gallery
Soti 15 Septanm rive 31 Oktòb 2016*

Espozisyon sa a ap konsantre sou diferan tradisyon dans nan plizyè kominote karayibeyen. Elèv ak pwofesè “*Cumberland County College*” fè rechèch sou divès kilti nan Karayib la. Chak travay atistik nan espozisyon an se reprezantasyon yon dans yo chwazi pou reflekte orijin istorik fòm dans tradisyonèl ki egziste koulye a. Elèv yo ap kreye travay atistik nan fòm atistik yo chwazi, kit se penti, desen, oubyen ilustrasyon dijital.

“Oil Down:” Resèt pou Jan Diferans Kreye Orijonalite

*Cumberland County College, Clay College Gallery
Soti Premye Desanm 2016 rive 16 Janvye 2017*

Gen yon manje tradisyonèl nan Karayib la yo fè li ak plizyè engredyan yo brase ansanm. Yo rele li “Oil Down” nan peyi Trinidad. “Oil Down” se yon bèl metafò pou kalite kilti nan rejyon an ki melanje ansanm pou yo bay yon kilti tou nèf, yon kilti orijinal, sa nou rele jounen jodi a kilti Karayibeyen.

Elèv ak pwofesè Cumberland County College fè rechèch sou istwa ak divès tradisyon nan Karayib la, ansanm ak rechèch akeyolojik sou

Tayino yo ak tradisyon kreye mas, kreye diferan travay atistik kote yo sèvi ak diferan mwayen tankou: ajil, bwa, papye. Plizyè atis karayibeyen ap patisipe ak yo, epi istwa espozisyon an ap rakonte a ap montre diferan engredyan ki konpoze peyizaj kiltirèl Karayib la, e ki enspire atis yo pou yo fè travay atistik ki demontre kouman sa ki diferan kapab brase ansanm pou yo tounen yon bagay tou nèf.

Yon Biye sou Rezistans

Yon espozisyon grenn pwomennen, Ete-Otòn, 2016

Goudougoudou, tranblemandtè, ki te devaste Ayiti an 2010 ak tout dezas li te kite dèyè yo te sijè konvèzasyon nan tout medya, deba kominotè, kòmantè politik, men pa t gen vwa jèn Ayisyen ladan yo. Fondasyon Kreyasyon Atistik pou Timoun (Art Creation Foundation for Children) ap louvri yon fenèt sou ki jan kèk jèn ti Ayisyen laj sizan rive disèt lane te viv esperyans goudougoudou a. Espozisyon sa a ap fè nou tandè vwa timoun k ap rakonte esperyans yo lè tranblemandtè a nan yon seri pwezi imaje k ap montre kouman pèp sa a konn batay, kouman li pa janm pèdi lespwa.

Jounen Festival nan WheatonArts

Eritaj Kiltirèl Karayibeyen: Yon Jounen Selebrasyon!

Wheaton Arts and Cultural Center

Samdi 17 Septanm

Jounen selebrasyon sa a ap gen mizik, dans, travay atistik ki reprezante tout eritaj kiltirèl nan Karayib la, jan yo konsève eritaj sa yo, jan yo transfòme eritaj sa yo nan kominote karayibeyen yo nan reyon nou an ak nan lòt espas nan lemonn.

Atis, kontè, mizisyen ak dansè ap prezante plizyè tradisyon kiltirèl ki gen nan Karayib la pou vizitè yo. Y ap montre similarite ak diferans ki genyen ant kominote yo anndan kontèks miltikiltirèl sosyete Ameriken an.

Fèt yo ap kòmanse ak yon **Defile Kanaval**. Tout moun envite.

Ap gen esplikasyon sou pèfòmans mizik yo ak dans yo mizik ak dans *Ibaro*, *Pena* ak *Bomba* ki soti Pòtoriko; *Mento* ak *Reggae* ki se tradisyon mizik peyi Jamayik; mizik *Vodou* ak mizik *Rara* ki soti ann Ayiti; pèfòmans *Kalipso*, *Soka* ak *Tanbou Fèblan* ki nan tradisyon peyi Trinidad; mizik *Bachata*, *Mereng*, ak *Palo* ki nan tradisyon Repiblik Dominikèn; rit tanbou *Bata* nan Kiba; *Janmdebwa* Afro-Karayibeyen, tanbourinè *Djembe*; epi mizik ak dans Garifouna. Tout patisipan yo ap gen chans pou yo danse *salsa*, yon fòm mizik nan Karayib la.

"Mizik ak dans ede nan konstriksyon kominote, nan rasanble moun, nan fè moun gen tèt ansanm... men tou mizik Afro-Pòtoriken an se yon mizik batay, yon mizik chache lavi, yon mizik rezistans." (Nelson Baez, *Mizisyen*)

Prezantasyon espesyal – Patisipan yo ap gen opòtinite asiste prezantasyon espesyal sou travay atistik fòklorik ak travay atistik tradisyonèl. Y ap gen chans wè espozisyon ki prezante divès travay atistik epi y ap gen chans pou yo pale avèk atis yo.

Mache Atistik ap gen travay atistik fòklorik, penti ak eskilti ki montre eritaj kiltirèl nan Karayib la.

Bon Jan Manje Karayibeyen ap kontribye nan atmosfè selebrasyon sa a, l ap ede esperyans lan rete nan memwa tout moun ki vin patisipe nan selebrasyon an.

PWOGRAM EDIKATIF

Esperyans Kreyatif nan WheatonArts

Wheaton Arts and Cultural Center

Septanm - Desanm 2016

Ap gen aktivite edikatif ki fè pati pwogram *Kreyasyon atistik tan lontan, koulè tan jodi: Prezèvasyon Eritaj Kiltirèl Karayibeyen nan Noujèze*. Gen entèvyou ki fèt lekòl nan yon pwojè anrejistremant istwa oral, atis fòklò ki pase tan anndan lekòl nan zòn nan, aktivite espesyal pou pwofesè, travay pratik anndan lekòl, rechèch ak entènà elèv kolèj anndan lekòl. Diferan pwojè kolaborasyon atis yo ak kominote a ap pèmèt patisipan yo wè pwosesis kreyasyon travay atistik, y ap pèmèt yo konprann pi byen koneksyon ki genyen ant valè kiltirèl yo ak talan atistik atis yo.

Atelye, klas ak konferans-demonstrasyon sou divès tradisyon atistik tankou mas, tchacha ki fèt an ajil, kont; tanbou ak dans; latanye, eskilti an bwa, dekorasyon sou kalbas.

KONFERANS

Kominote ak Kilti Karayib la: Prezèvasyon ak Adaptasyon

Wheaton Arts and Cultural Center

28 Oktòb 2016

Konferans lan ap gen aktivite ak opòtinite espesyal pou edikatè, men li louvri pou tout moun vin patisipe. Akademisyen yo, atis yo ak lidè kominotè yo ap debat plizyè sijè tankou etid konpare sou divès fòm mizik ak dans nan Karayib la, reprezantasyon ak senbolis nan mas ak kostim kanaval, eritaj istorik nou jwenn nan tradisyon yo, adaptasyon ak transfòmasyon fòm atistik tradisyonèl yo nan tout Karayib la, enpòtans tradisyon sa yo, enpòtans kilti sa yo nan sosyete Ameriken an nan jounen jodi a.

Manm Konsèy Karayibeyen 2016 la

Iveta Pirgova (Koòdonatè Pwojè a), Matt Pisarski, Nadine LaFond, Ella Boykin, Leonides Negron, Monica Murray, Roy Kaneshiki, Maria Cerramorenò, Penny Watson, Diane Robinson Macris, Carmen

Oldknow, Wanda L. Hartzog-Cortes, Kylla Herbert, Freddie Hamilton,
David Benjamin Watkis, William W. May, Lynn Lichtenberger,
Jacqueline Sandro-Greenwell, Niurca Louis, Fausto Sevilla

Make Kalandriye ou!
(ouvri depliyen an pou jwenn plis detay)

8 Jiyè 2016 pou rive 16 Janvyè 2017

Espozisyon yo ap fèt:

Wheaton Arts and Cultural Center, Cumberland County College, Rowan
College, Public Libraries

17 Septanm 2016 (Samdi)

"Festival Karayibeyen" nan WheatonArts
Septanm – Desanm 2016

Esperyans Kreyatif nan WheatonArts

12 Oktòb 2016 (Mèkredi)

"Sware Karayibeyen" nan Cumberland County College
28 Oktòb 2016 (Vandredi)

Konferans nan WheatonArts

Kominote yo ak Kilti yo nan Karayib la: Prezèvasyon ak Adaptation

Fason pou kontakte nou:

Wheaton Arts and Cultural Center

1501 Glasstown Road

Millville, NJ 08332

856.825.6800

wheatonarts.org